



Pwoteksyon Federal kont Diskriminasyon poutèt Peyi kote Moun sòti



ENTWODIKSYON

Lwa federal yo defann fè diskriminasyon kont yon moun poutèt peyi li sòti, ras li, koulè l, relijon l, oswa poutèt li enfim, poutèt li se gason oswa fi, epi dapre si l marye oswa si li pa marye. Dapre lwa ki defann fè diskriminasyon poutèt peyi yon moun sòti yo, li ilegal pou fè diskriminasyon poutèt kote yon moun fèt, poutèt moun ki zansèt li, poutèt kilti li, oswa poutèt lang li pale. Sa vle di yo pa kapab refize yon moun menm opòtinite ak tout lòt moun paske fanmi l sòti nan yon lòt peyi, oswa paske non li oswa jan li pale fè l sanble moun ki sòti nan yon lòt peyi, oswa paske li patisipe nan tradisyon moun ki sòti nan lòt peyi, oswa paske li marye oswa asosye ak moun ki sòti nan yon lòt peyi.

Divizyon Dwa Sivil nan Depatman Lajistis la (Department of Justice's Civil Rights Division) gen yon tèt chaje, paske kapab gen diskriminasyon ki fèt nan Etazini kont moun ki sòti nan lòt peyi, san pèsòn pa fè rapò, paske moun ki viktim diskriminasyon yo pa konnen dwa yo devan lalwa, oswa paske yo kapab pè pote plent devan gouvènman. Si w kwè gen diskriminasyon ki fèt kont ou, oswa kont yon moun ou konnen, poutèt peyi nou sòti a, epi ou vle aprann plis sou dwa w genyen devan lalwa, ou dwe li tiliv sa a.

Tiliv sa a bay esplikasyon sou lwa ki defann fè diskriminasyon poutèt peyi yon moun sòti, epi li bay kèk egzanp. Ou kapab jwenn lòt enfòmasyon sou Divizyon Dwa Sivil la ak sou Seksyon ki ladan yo sou Entènèt, nan adrès sa a:
<http://www.justice.gov/crt>. Si w vle pote plent kont diskriminasyon, ou mèt telefòne Divizyon an dapre esplikasyon ki bay pi ba la a.

POU W KAPAB KONNEN DWA W DEVAN LALWA

Divizyon Dwa Sivil nan Depatman Lajistis la (Civil Rights Division of the Department of Justice) ap travay pou fè respekte lwa federal ki defann fè diskriminasyon nan:

Edikasyon
Travay
Kote pou moun rete
Prete lajan
Enstalasyon piblik
Travay lapolis/Abi otorite lapolis konn fè Eleksyon
Pwogram èd Gouvènman Federal la

Lòt lwa Divizyon an travay pou fè respekte tou, se lwa ki defann fè diskriminasyon kont moun poutèt yo enfim, epi li pwoteje dwa Sivil moun ki nan enstitisyon nan kèk Eta oswa nan enstitisyon lokal, epi li rele moun nan lajistis si yo fè krim poutèt ras, koulè, oswa peyi lòt moun sòti.

Genyen defwa, Divizyon an kapab foure bouch sèlman si genyen yon «abitid oswa yon woutin» diskriminasyon. Le genyen yon «abitid oswa yon woutin», se le gen diskriminasyon ki fèt plis pase yon sèl fwa, epi genyen prensip ki swiv oswa aksyon ki fèt tout tan, ki montre gen diskriminasyon.

VYOLASYON DWA SIVIL KI SE KRIM DEVAN LALWA

*Yo atake yon jenn gason azyatik pandan lap sòti nan yon konsè nan yon kafe. Moun ki atake I la, se yon manm nan yon gwoup blan tèt kale, ki joure ras viktim la pandan lap bat li ak kout pwen epi ak yon bout tiyo, jouk lè li pèdi konesans nan pakin kafe a.

*Pandan yon reyinyon «Ku Klux Klan», yon manm gwoup la di lòt manm yo konsa Meksiken ak Pòtorikèn yo dwe «tounen kote yo sòti a ». Yo boule yon kwa nan lakou devan yon jenn mouche ak yon jenn madanm panyòl, pou kraponnen yo epi pou fòse yo kite katye a. Anvan yo boule kwa a, moun yo akize pou zak la rale yon zamafe epi li bay yon zanmi li yon zam, pou si viktим yo ta eseye anpeche yo fè zak la.

*Yon konpayi ameriken rekrite travayè nan yon tivil meksiken, epi li pwomèt ba yo bon travay, epi peye yo byen. Konpayi a fè Meksiken yo antre ankachèt nan Etazini nan yon kamyon sitèn ki vid. Lè travayè yo resi rive Etazini, yo menase yo, epi di yo konsa si yo eseye kite izin nan, y ap touye yo.

Egzanp sa yo kapab reprezante vyolasyon lwa sou dwa sivil yo. Seksyon Kriminèl nan Divizyon Dwa Sivil la mennen moun lajistik, si yo akize yo paske yo sèvi ak lafòs oswa vyolans kont yon moun ki sòti nan lòt peyi, pou kontrarye dwa moun sa a genyen dapre pwoteksyon gouvènman federal la. Nan pami dwa sa a yo, genyen dwa sou zafè kote pou moun rete, chèche travay, edikasyon, epi sèvi ak enstalasyon piblik. Ou kapab telefòn Seksyon Kriminèl la (Criminal Section) nan nimewo (202) 514-3204, oswa ekri nan adrès sa a:

U.S. Department of Justice
Civil Rights Division
Criminal Section, PHB
950 Pennsylvania Avenue, NW
Washington, D.C. 20530

DWA MOUN KI ENFIM

* Yon HMO k ap rekrite posy an ki gen Medicaid di yon fanm Meksiken Ameriken ki genyen enfimite motris serebral tounen yon lòt jou pou pran randevou, epi HMO a okipe lòt moun touswit.

Egzanp sa a kapab montre yon ka kote yo pa respekte lwa federal ki defann fè diskriminasyon kont moun ki enfim, ansanm ak lwa ki defann fè diskriminasyon poutèt peyi kote moun nan sòti. Si w kwè yo fè diskriminasyon kont ou paske ou enfim, ou met kontakte Seksyon sou Dwa Moun Enfim nan (Disability Rights Section) nan nimewo (800) 514-0301 (pou pale dirèk ak yon moun) oswa (800)-514-0383 (pou TTY, si w pa tande byen), oswa nan imèl nan ada.complaint@usdoj.gov. Epitou ou kapab ekri nan adrès sa a:

U.S. Department of Justice
Civil Rights Division
Disability Rights Section, NYA
950 Pennsylvania Avenue, NW
Washington, D.C. 20530

EDIKASYON

*Yon timoun gen pwoblèm pou 1 pale angle, men lekòl li pa ede I nan aprann pale angle, ni nan etidye okenn lòt matyè.

*Yon lekòl kote pifò nan elèv yo se Ayisyen pa bay klas one. Lòt lekòl nan distri la ki pa genyen anpil elèv Ayisyen bay klas one, ansanm ak Mas pou plasman avanse.

* Responsab lekòl la pa reponn lè elèv azyatik-ameriken yo ap plenyen pou asèlman vèbal ak fizik kamarad elèv parèy yo ap fè kont yo.

Egzanp sa yo kapab reprezante vyolasyon lwa federal ki entèdi pratik diskriminasyon nan lekòl primè, lekòl segondè (lekòl pre-segondè ak lekòl segondè), ak nan kolèj ak inivèsite leta, akòz peyi kote yon moun sòti. Seksyon Opòtinite Edikasyonèl aplike Lwa 1974 sou Menm Opòtinite Edikasyonèl pou Tout Moun, ki egzije ajans

edikasyon leta ak distri lekòl yo pou yo pran mezi apwopriye pou metrize baryè lang ki anpeche elèv k ap Aprann Lang Angle yo (ELL) patisipe nan pwogram edikasyonèl yo menm jan ak lòt elèv yo. Seksyon an aplike tou lwa federal yo ki pwoteje elèv yo kont asèlman oswa kont tretman diferan epitou ki baze sou peyi kote yo sòti.

Pou jwenn plis enfòmasyon, ak enstriksyon sou fason pou pote plent, tanpri ale sou sit wèb Seksyon an nan www.justice.gov/crt/edo/. Epitou ou kapab kontakte Seksyon an dirèkteman depi ou telefòn yo nan nimewo (202) 514-4092 oswa (877) 292-3804, oswa ou kapab voye imèl nan education@usdoj.gov. Epitou ou kapab ekri nan adrès sa a:

U.S. Department of Justice
Civil Rights Division
Educational Opportunities Section, PHB
950 Pennsylvania Avenue, NW
Washington, D.C. 20530

NAN TRAVAY

* Sipèvizè yon anplwaye nan transpò toujou ap pale ras travayè a mal paske fanmi I sòti Iran. Semenn pase, patwon an mete yon fo mesaj nan tablo afichaj la, pou di tout moun pa fi anplwaye a konfyans paske li se yon teworis.

* Yon fanm ki te kite peyi Larisi pou vin chèche yon travay kòm kontab. Patwon an pa ba li travay la paske li gen yon aksan le lap pale, menm si li kapab fè sa yo mande nan travay la.

*Nan yon konpayi ki mete manje nan bwat, yo mande moun ki vin chèche travay epi ki sanble etranje, oswa ki pale tankou etranje, pou yo montre papye ki ba yo pèmisyon travay, anvan yo pèmèt yo

ekri aplikasyon pou travay la, epi yo pa mande blan ki fèt nan peyi a, ki vin chèche travay, pou yo montre okenn papye anvan yo ekri yon aplikasyon. Epi tou, yo enspekte papye anplwaye ki nan lòt gwoup etnik ki pa blan yo pi plis, epi yo refize moun sa a yo plis passe le blan ki Jet nan peyi a pote papye yo.

Egzanp sa a yo kapab montre ka kote yo pa respekte lwa ki defann fè diskriminasyon kont anplwaye ak kont moun k ap chèche travay poutèt peyi kote yo sòti. Sa vle di yon patwon pa gen dwa pini, anbete, revoke, oswa refize pran yon moun nan travay oswa bay moun nan pwomosyon poutèt peyi kote li sòti a.

Si w kwè gen yon anplwaye, yon sendika, oswa yon ajans travay ki fè diskriminasyon kont ou poutèt peyi kote ou sòti, kontakte:

Equal Employment Opportunity Commission
(800) 669-4000
(*Pou kote ki genyen 15 anplwaye oswa pi plis*)

Biwo Konsey Espesyal (Office of Special Counsel)
(800) 255-7688

U.S. Department of Justice
Civil Rights Division
Office of Special Counsel for Immigration-Related
Unfair Employment Practices, NYA
950 Pennsylvania Avenue, NW
Washington, D.C. 20530

osccrt@usdoj.gov
(*Pou kote ki genyen 4 jiska 14 anplwaye*)

Employment Litigation Section
(202) 514-3831

U.S. Department of Justice
Civil Rights Division
Employment Litigation Section, PHB
950 Pennsylvania Avenue, NW
Washington, D.C. 20530

*(Pou patwon ki nan gouvènman Eta oswa
gouvènman lokal epi ki genyen abitid oswa woutin
fè diskriminasyon ilegal)*

Epitou, yon patwon kapab montre li pa respekte lwa federal yo si gen kèk dokiman li mande sou pèmisyon pou travay, tankou kat rezidans, oswa si li refize dokiman sa a yo sèlman le moun ki vin chèche travay sòti nan kèk peyi. Pou plis enfòmasyon oswa pou pote plent, kontakte Biwo Konsey Espesyal Divizyon an (Division's Office of Special Counsel) nan adrès oswa nan nimewo telefòn gratis ki ekri pi wo la a.

NAN KOTE MOUN POU RETE

*Yon fanmi ki sòti Awayi ap chèche yon apatman. Moun k ap lwe apatman yo di fanmi an pa gen apatman pou lwe, epi yap fè blan vizite apatman yo pou lwe.

*Yon koutye kay fè yon fanmi Latino vizite kay sèlman ki nan katye kote Latino yo rete sitou, epi li refize fè yo vizite kay nan katye kote blan yo rete sitou.

Egzanp sa a yo kapab montre ka kote yo pa respekte Lwa federal sou jistik nan zafè kay la (Fair Housing Act). Lwa sa a defann fè diskriminasyon poutèt peyi moun sòti, ras yo, koulè yo, si yo se gason oswa fi, reliyion yo, si yo enfim, oswa si yo marye oubyen pa marye (oswa si yo gen ptit ki pokon gen 18 an) nan zafè kay. Moun ki gen plent pèsonèl kont diskriminasyon kapab pote plent la devan Depatman pou Developman Vil ak Kote pou

Moun Rete (Department of Housing and Urban Development), ki rele tou HUD, nan nimewo (800) 669-9777. Si ou kwè genyen yon modèl oswa pratik diskriminasyon, kontakte Seksyon Lojman ak Aplikasyon Dwa Sivil an nan nimewo (202) 514-4713 oswa (800) 896-7743, oswa nan imèl nan fairhousing@usdoj.gov. Ou kapab voye yon lèt tou nan adrès sa a:

U.S. Department of Justice
Civil Rights Division
Housing and Civil Enforcement Section, NWB
950 Pennsylvania Avenue, NW
Washington, D.C. 20530

NAN ZAFÈ PRETE LAJAN

*Yo mande yon fanm Latino peye pi gwo enterè ak pi plis lajan pou sèvis labank pase kliyan blan gason ki konn regle zafè finans yo menm jan, epi k ap mande prete menm lajan an.

Egzanp sa a kapab se yon vyolasyon lalwa federal ki entèdi pratik diskriminasyon nan zafè prete lajan akòz peyi kote yon moun nan fèt, ras li, koulè, sèks li, reliyion li, andikap li, laj li, eta sivil li, paske nenpòt revni moun nan sòti nan asistans leta, oswa paske moun nan te egzèse dwa ki pwoteje li nan Lwa pou Pwoteksyon Kredi Konsomatè. Si prè a se pou yon ipotèk sou kay, amenajman kay, oswa pou lòt rezon ki asosye ak biznis, ou kapab pote plent nan Depatman Lojman ak Developman Vil ak Kote pou Moun Rete nan nimewo (800) 669-9777. Si prè a se objektif ki pa zafè lojman (tankou prè sou oto), ou kapab pote plent swa ajans kontwòl enstitisyon k ap prete w lajan an, Komisyon Federal Komès oswa nan biwo Pwokirè Jeneral eta kote w ap viv la. Ou kapab kontakte Seksyon Lojman ak Aplikasyon Dwa Sivil nan nimewo (202) 514-4713 oswa (800) 896-7743, oswa nan imèl nan fairhousing@usdoj.gov, pou jwenn plis enfòmasyon

sou dwa ou oswa pou pote plent. Ou kapab voye yon lèt tou nan adrès sa a:

U.S. Department of Justice
Civil Rights Division
Housing and Civil Enforcement Section, NWB
950 Pennsylvania Avenue, NW
Washington, D.C. 20530

ENSTALASYON PIBLIK

* Nan yon restoran, yo fè yon gwoup Ameriken Azyatik tann plis pose yon èdtan, epi yo sèvi blan ak Latino yo byen vit.

* Yo di yon gwoup Ayisyen Ameriken k ap vizite yon lotèl pou yo peye kach, pase pou yo peye ak kat kredi, epi yo fè yo peye plis pase lòt kliyan yo, epi yo pa ba yo menm halite sèvis, tankou sèvyèt ak savon.

Egzanp sa a yo kapab montre ka kote yo pa respekte lwa federal ki defann fè diskriminasyon poutèt peyi yon moun sòti, ras li, koulè l, oswa reliyon l, nan kote ki gen enstalasyon piblik. Nan pami sa yo rele enstalasyon piblik, genyen lotèl, restoran, ak kote moun ale pran plezi. Si w kwè yo refize w antre nan yon enstalasyon piblik oswa yo refize w jwenn menm sèvis ak tout moun nan enstalasyon an, epi ou kwè gen yon abitid oswa yon woutin diskriminasyon, kontakte Seksyon Lojman ak Aplikasyon Dwa Sivil (Housing and Civil Enforcement Section) nan nimewo (202) 514-4713, oswa (800) 896-7743 oswa nan imèl nan fairhousing@usdoj.gov. Ou met ekri tou nan adrès sa a:

U.S. Department of Justice
Civil Rights Division
Housing and Civil Enforcement Section, NWB
950 Pennsylvania Avenue, NW
Washington, D.C. 20530

ABI OTORITE LAPOLIS

* Ajan lapolis ap plede rete oto Latino ap kondui poutèt chofe a kondui mat, men yo pa fasil rete oto blan ap kondui menm jan.

* Yon ajan lapolis k ap pale nan lari avèk yon nonm ki sòti Vyetnam fache sou nonm nan, paske lipaz pale angle epi li pa kapab reponn kesyon lapolis la. Ajan lapolis la arete nonm nan, epi li akize I li tap fè dezòd.

Egzanp sa a yo kapab montre ka kote yo pa respekte Prensip Pwoteksyon Egal (Equal Protection Clause) nan Konstitisyon Etazini an. Egzanp sa a yo kapab montre tou kote yo pa respekte Lwa 1968 pou Kontwole Krim nan Omnibus ak Sekirite nan Lari a (Omnibus Crime Control and Safe Streets Act of 1968). Lwa sa a defann tout depatman lapolis ki resevwa lajan gouvènman federal nan Depatman Lajistics Etazini (U.S. Department of Justice) fè diskriminasyon kont moun poutèt peyi yo sòti, ras yo, koulè yo, reliyion yo, oubyen si yo se gason oswa fi. Egzanp yo kapab montre tou kote yo pa respekte Atik 6 nan Lwa sou Dwa Sivil 1964 la (Title VI of the Civil Rights Act of 1964), ki defann ajans k ap fè travay lajistics epi ki resevwa èd pou finans nan gouvènman federal, kit se lajan, kit se pwopriyete leta sezi, fè diskriminasyon. Sa genyen ladan pifò ajans lapolis eta ak lokal. Sa genyen ladan pifò biwo lapolis eta ak lokal.

Si yon moun vle pote plent pou diskriminasyon pèsonèl yo fè kont li, moun nan met ekri Seksyon pou Kouwòdinasyon ak Konfòmite Federal an (Federal Coordination and Compliance Section) nan adrès sa a:

U.S. Department of Justice
Civil Rights Division
Federal Coordination and Compliance Section, NWB
950 Pennsylvania Avenue, NW
Washington, D.C. 20530

oswa moun nan kapab kontakte Seksyon
Kouwòdinasyon ak Konfòmîte Federal nan
(888) 848-5306 oswa (202) 307-2678 (TDD).

Plent pou menm rezon an gen dwa pote tou devan
Biwo Pwogram Jistis la (Office of Justice
Programs) nan Biwo pou Dwa Sivil la (Office for
Civil Rights), nan adrès sa a: Office of Justice
Programs, U.S. Department of Justice, Washington,
D.C. 20531; oswa telefònè Biwo Pwogram Jistis la
nan nimewo (202) 307-0690.

Seksyon Seksyon Litij Espesyal (Special Litigation
Section) fè ankèt epi li sèvi kòm abit, le gen plent
ki pote kont depatman lapolis pou di konsa
depatman an gen yon abitid oswa yon woutin pou
fè diskriminasyon poutèt peyi kote moun sòti. Si w
vle pote yon plent, telefònè Seksyon Espesyal pou
Plent la (Special Litigation Section) nan nimewo
(202) 514-6255 or (877) 218-5228. Ou kapab voye
yon lèt tou nan adrès sa a:

U.S. Department of Justice
Civil Rights Division
Special Litigation Section, PHB
950 Pennsylvania Avenue, NW
Washington, D.C. 20530

DWA SIVIL MOUN KI NAN ENSTITISYON

*Nan yon prizon, yo refize tradui odisyon sou
kesyon disiplin pou prizonye ki pa pale angle.

*Yon lopital leta pou moun ki gen pwoblèm mantal

pa mete okenn mwayen pou trete moun ki pa pale angle.

Egzanp sa a yo kapab montre ka kote yo pa respekte Prensip Pwoteksyon Egal (Equal Protection Clause) nan Konstitisyon Etazini an. Seksyon Litij Espesyal la travay pou fè respekte dwa konstitisyonèl moun ki nan enstitisyon ki sou kont gouvènman Eta oswa gouvènman lokal yo, tankou prizon, penitansye, sant detansyon anvan pwosè, santi koreksyonèl jivenil, mezon retrèt leta ap opere, ak enstitisyon pou moun ki gen andikap sikuatrik ak devlòpmantal.

Si w se yon rezidan nan nenpòt ki enstitisyon konsa, epi ou kwè gen yon abitid oswa yon woutin diskriminasyon poutèt peyi kote ou sòti a, kontakte Seksyon Litij Espesyal la (Special Litigation Section) nan nimewo (202) 514-6255, oswa (877) 218-5228. Ou kapab voye yon lèt tou nan adrès sa a:

U.S. Department of Justice
Civil Rights Division
Special Litigation Section, PHB
950 Pennsylvania Avenue, NW
Washington, D.C. 20530

PWOGRAM GOUVÈNMAN FEDERAL EDE

* Yon ajans lokal pou sèvis sosyal pa bay enfòmasyon, ni fòmasyon pou travay, nan lang koreyen menm si gen 25 poustan nan rezidan lokal yo ki pale koreyen sèlman.

* Nan yon lopital ki nan yon zòn kote genyen anpil Latino, anplwaye ki nan klinik pou pasyan ki pa entène ap pran plezi sou pasyan Latino yo, fè kòmantè sou fason yo pale, epi pafwa pran reta nan sèvis pou pasyan Latino yo. Yo mande pasyan

Latino yo pou yo vini avèk pwòp entèprèt yo anvan yo kapab wè yon doktè.

Egzanp sa a yo kapab montre ka kote pwogram ki resevwa lajan gouvènman federal pa respekte lwa federal ki defann fè diskriminasyon poutèt peyi yon moun sòti, ras li, oswa koulè 1. Si w kwè gen yon Eta oswa yon ajans gouvènman lokal, oswa pwogram ki resevwa lajan gouvènman federal ki fè diskriminasyon kont ou, ou met pote plent nan Seksyon Kouwòdinasyon ak Konfòmîte Federal nan Divizyon an (Federal Coordination and Compliance Section); nimewo telefòn nan, se (888) 848-5306, oswa (202) 307-2678 (TDD). Ou kapab voye yon lèt tou nan adrès sa a:

U.S. Department of Justice
Civil Rights Division
Federal Coordination and Compliance Section, NWB
950 Pennsylvania Avenue, NW
Washington, D.C. 20530

Seksyon Kouwòdinasyon ak Konfòmîte Federal ap voye plent la bay ajans federal k ap bay lajan an, ki se premye kote ki gen responsabilite pou fè kote lap bay lajan yo respekte règleman kont diskriminasyon yo.

NAN ELEKSYON

* Yon moun ki responsab biwo pou vote gen pou 1 mande yon moun nwa ki vin vote, epi ki pale ak yon aksan etranje, epi ki gen yon non li pa abitye, pou I montre prèv li se sitwayen ameriken, men li pa gen pou I mande blan ki vin vote yo prèv yo se sitwayen ameriken.

* Malgré moun k ap vote yo mande sa nan yon gwo kominate ki gen moun ki pale panyòl, moun k ap organize eleksyon yo refize bay materyèl pou

eleksyon, tankou fòmilè pou anrejistre ak modèl bilten ki ekri nan lang panyòl, oswa yo refize pèmèt moun ki pale panyòl mennen tradiktè pou ede yo nan kabin pou vote yo.

Seksyon Eleksyon an kapab pran mezi pou korije pwoblèm ki genyen nan egzanp sa yo. Lalwa federal entèdi divès fòm diskriminasyon nan eleksyon, tankou chwazi pou moun, entimidasyon ak asèlman elektè akòz ras yo, koulè yo oswa paske yo pale yon lang yon ti gwoup moun sèlman pale. Answit, lalwa federal egzije kèk sikonskripsyon pou yo bay materyèl elektoral yo nan lang minorité ak asistans nan lang pou elektè ki pa maton nan Angle yo kapab lage bilten yo yon fason ki reflechi ak efikas. Lwa sa yo bay elektè ki bezwen èd pou li bilten yo oswa lòt materyèl elektoral dwa tou pou yon moun ede yo chwazi (moun sa a pa fêt pou li se yon reprezante nan travay oswa sendika). Answit, obsèvatè federal oswa ekip Seksyon Eleksyon kapab kontwole pratik yo nan jounen eleksyon an pou bay repons pou enkyetid konsènan diskriminasyon nan pwosesis elektoral la ak pou mank aksè minorite nan lang. Seksyon an kapab pran mezi tou pou abòde metòd eleksyon, tankou plan jeneral oswa plan distri a, ki reprezante yon antrav pou fòs minorité yo pou yo vote.

Si w kwè yo te fè diskriminasyon kont ou, le w ap vote, oswa yo te refize w èd pou w vote, ou met kontakte Seksyon pou Vote nan Divizyon an (Division's Voting Section) nan nimewo (800) 253-3931, oswa nan imèl nan voting.section@usdoj.gov. Ou met ekri tou, nan adrès sa a:

U.S. Department of Justice
Civil Rights Division
Voting Section, NWB
950 Pennsylvania Avenue, NW
Washington, D.C. 20530

Lè w ap rele nenpòt nan biwo ki endike nan tiliv enfòmasyon sa a, y ap reponn telefòn lan nan lang Angle. Si ou bezwen yon entèprèt, fè operatè a konnen ki lang ou pale. Operatè a ap fè ou tann yon ti moman pandan l ap chèche jwenn yon entèprèt. Tanpri pa fèmen telefòn nan. Gras ak sèvis yon entèprèt, nou ekipe pou ede moun ki rele yo nan tout lang.

Nòt: Pou moun ki gen andikap yo, dokiman sa a ap disponib an gran karaktè, kasèt-odyo, disk pou gade nan òdinatè, ak ekriti Bray.

Tanpri pa ezite fè kopi tiliv enfòmasyon sa a.

Pibliye nan mwa Out 2010

Federal Protections Against National Origin Discrimination

Haitian Creole

www.justice.gov/crt



**United States Department of Justice
Civil Rights Division**

**950 Pennsylvania Avenue, NW
Washington, D.C. 20530**